

## Kondisyon pou Jwenn Diplòm Eta New York Aplikab pou Tout Elèv ki Enskri nan 9yèm jiska 12yèm Klas

### Kondisyon Kredi yo

(Aplikab pou tout tip diplòm: lokal, Regents, Regents avèk tit avanse)

	Kantite kredi minimòm
Anglè	4
Etid Sosyal <i>Distribiye fason ki annapre a:</i> <i>Istwa Etazini (1)</i> <i>Istwa Global ak Jewografi (2)</i> <i>Patisipasyon nan Gouvènman (½)</i> <i>Ekonomi (½)</i>	4
Syans <i>Distribiye fason ki annapre a:</i> <i>Biyoloji (1)</i> <i>Syans Fizik (1)</i> <i>Biyoloji oswa Syans Fizik (1)</i>	3
Matematik	3
Lang nan Lemonn nan	1 <sup>(**)</sup>
Travay Atis Vizyèl, Mizik, Dans, ak/oswa Teyat	1
Edikasyon Fizik ( <i>patisipasyon chak semès</i> )	2
Sante	½
Fakiltatif	3 ½
<b>Total</b>	<b>22</b>

<sup>(\*\*)</sup>Elèv ki gen andikap yo kapab jwenn egzansyon pou 1 inite kredi ki obligatwa nan Lang Monn nan si sa ekri nan IEP yo a, men, yo dwe toujou gen 22 inite kredi pou yo gradye.

#### 1.) Pakou

Yon elèv dwe:

- gen [So pou Preparasyon Sivik](#); oswa
- reyisi yon Egzamen Regents anplis oswa reyisi nan yon kou diferan Depatman an Apwouve kòm Altènatif (Anglè, matematik, syans oswa etid sosyal); oswa
- reyisi yon Evalyasyon Pakou Depatman an Apwouve (Travay Atis, CDOS, Lang nan Lemonn nan); oswa
- konplete avèk siksè yon pwogram CTE NYSED apwouve, san wete evalyasyon an 3 pati ki asosye avèk li a; oswa
- konplete avèk siksè tout [kondisyon pou jwenn Atestasyon Fen Etid CDOS](#) la.

Apati sezon otòn 2022, yon kantite lekòl nan NYS yo chwazi pral eseye [Pakou Endividyèl Evalyasyon Travay Atis \(IAAP\)](#) la. Referans [Plizyè Pakou](#) ak [Egzamen Altènatif Depatman an Apwouve](#).

#### 2.) Apèl Tradisyonèl

Tout apèl yo dwe jwenn apwobasyon distri lokal la. Referans: [Apèl, Filè Sekirite ak Detèminasyon Direktè a](#)

#### 3.) Apwobasyon Espesyal

**Onè:** Yon elèv ki gen omwen 90 kòm mwayèn kalkile nan Egzamen Regents yo, aplikab pou li jwenn yon diplòm Regents oswa yon diplòm Regents avèk tit avanse. Yo pa kapab ranplase Egzamen Regents yo ak plis pase 2 altènatif Depatman an apwouve. Egzamen Checkpoint B nan Lang Monn nan, yo devlope lokalman yo pa antre nan kalkil la.

**Metriz nan Matematik epi/oswa Syans:** Yon elèv ki ranpli tout kondisyon yo pou yon diplòm Regents avèk tit avanse EPI ki gen yon nòt 85 oswa plis nan 3 Egzamen Regents Matematik ak/oswa 3 Egzamen Regents Syans.

**Apwobasyon Teknik:** Yon elèv ki ranpli kondisyon pou li swa jwenn yon diplòm lokal, yon diplòm Regents oswa yon diplòm Regents avèk tit avanse EPI ki konplete avèk siksè yon pwogram CTE Depatman an apwouve, san wete evalyasyon an 3 pati a.

**So Bileng (Seal of Bilingualism):** Yon elèv ki ranpli kritè pou li genyen [So Bileng \(Seal of Bilingualism\) NYS](#) la.

**So pou Preparasyon Sivik:** Yon elèv ki ranpli kritè pou li genyen [So pou Preparasyon Sivik NYS](#) la.

Kòm referans, ale sou [paj entènèt Apwobasyon ak So yo](#) oswa [Kondisyon NYS pou jwenn Diplòm/Atestasyon](#) pou ou jwenn plis enfòmasyon sou fason yo atribiye apwobasyon espesyal pou elèv ki gen egzansyon egzamen akòz COVID-19.

#### 4.) Egzanpsyon pou Lang Monn

Elèv ki gen andikap yo kapab jwenn egzansyon pou inite kredi ki obligatwa nan Lang nan Lemonn nan si sa ekri nan IEP yo a, men, yo dwe toujou gen 22 inite kredi pou yo gradye. Yon elèv konsa ki ap chèche jwenn yon diplòm Regents avèk tit avanse PA oblije konplete sekans 5 inite nan Travay Atistik oswa CTE a nan plas sekans nan Lang nan Lemonn nan yon fason pou li ranpli egzansyon evalyasyon pou diplòm avanse a.

#### 5.) Detèminasyon Direktè a pou yon Diplòm Lokal

Elèv ki gen andikap epi ki pa kapab jwenn yon diplòm lokal pa mwayen plizyè dispozisyon ki gen nan filè sekirite a, kapab elijib pou jwenn yon Detèminasyon Direktè a pou yon diplòm lokal sou baz kèk kondisyon. Referans: [Apèl, Filè Sekirite, ak Detèminasyon Direktè a](#)

#### 6.) Fleksibilite akòz Ijans Sante Piblik pandan COVID-19 la

**Egzansyon:** Elèv yo akòde yon egzansyon pou nenpòt egzamen akòz COVID-19 la pa oblije reyisi nan egzamen byen presi sa a pou li ranpli kondisyon evalyasyon yo pou nenpòt tip diplòm nan. Kòm referans, konsilte FAQ ki vin apre yo: [Jen/Out 2020](#), [Janvyè 2021](#), [Jen/Out 2021](#), ak [Janvyè 2022](#)

**Apèl Espesyal:** Elèv ki elijib yo kapab itilize nòt ki pi piti (50-64) yo te fè nan Egzamen Regents ki te fèt pandan ane eskolè 2021-22 oswa 2022-23 yo pou yo ranpli kondisyon evalyasyon yo pou nenpòt tip diplòm. Referans: [Memo pou Apèl Espesyal](#) ak [FAQ](#).

**Detèminasyon Espesyal:** Elèv ki pwograme pou gradye nan mwa **Jen 2022** epi, swa yo pa ranpli kondisyon pou yon Apèl Espesyal oswa yo pa pakab patisipe nan youn oswa plizyè Egzamen Regents paske yo malad, san wete restriksyon izòlman akòz COVID, kapab mande yon [Detèminasyon Espesyal pou yo Gradye avèk yon Diplòm Lokal nan mwa Jen 2022](#).

#### 7.) Egzanpsyon pou Egzamen Regents Istwa ak Gouvènman Etazini an (Kad)

Elèv ki elijib yo ap jwenn yon egzansyon pou Egzamen Regents Jen 2022, Out 2022, oswa Janvyè 2023 yo nan Istwa ak Gouvènman Etazini yo (Kad). Referans: [FAQ sou Anilasyon Egzamen Regents nan Istwa ak Gouvènman Etazini \(Kad\)](#)

### Kondisyon Evalyasyon yo

EGZAMEN REGENTS oswa nòt reyisit nan yon altènatif Depatman an apwouve	Diplòm Regents pou Tout Elèv yo		Diplòm Regents pa mwayen Apèl pou Tout Elèv yo		Diplòm Lokal pa mwayen Apèl pou Tout Elèv yo		Diplòm Lokal pou Elèv ki gen Andikap yo		Diplòm Lokal pa mwayen Apèl pou Elèv k ap Aprann Anglè	
	# Egzamen yo	Nòt pou Reyisi	# Egzamen yo	Nòt pou Reyisi	# Egzamen yo	Nòt pou Reyisi	# Egzamen yo	Nòt pou Reyisi	# Egzamen yo	Nòt pou Reyisi
Literati ak Lang Anglè (ELA)	1	65 <sup>1</sup>	1	1 egzamen Regents avèk yon nòt 60-64 kote distri a te akòde yon apèl pou li epi tout lòt egzamen Regents ki rete yo avèk yon nòt 65 <sup>1</sup> oswa plis	1	2 egzamen Regents avèk yon nòt 60-64 kote distri a te akòde yon apèl pou li epi tout lòt egzamen Regents ki rete yo avèk yon nòt 65 <sup>1</sup> oswa plis	1	55 <sup>**^</sup>	1	Swa egzamen Regents ELA a avèk yon nòt 55-59 kote distri a te akòde yon apèl pou li, epi tout lòt egzamen Regents ki rete yo avèk yon nòt 65 <sup>1</sup> oswa plis, OSWA 1 egzamen Regents avèk yon nòt 60-64 ansanm ak egzamen Regents ELA a avèk yon nòt 55-59 kote distri a te akòde yon apèl pou toulede, epi lòt egzamen Regents ki rete yo avèk yon nòt 65 <sup>1</sup> oswa plis <sup>†</sup>
Matematik	1	65 <sup>1</sup>	1		1		55 <sup>**^</sup>	1		
Syans	1	65 <sup>1</sup>	1		1		55 <sup>**^</sup>	1		
Etid Sosyal	1	65 <sup>1</sup>	1		1		55 <sup>**^</sup>	1		
Pakou (Gade nòt 1 ki nan lòt bò a)	1 OSWA CDOS	65 <sup>1</sup> si se Egzamen Regents	1 OSWA CDOS	1 OSWA CDOS	1 OSWA CDOS	1 OSWA CDOS	1 OSWA CDOS	55 <sup>**^</sup> si se Egzamen Regents	1 OSWA CDOS	
Konpansasyon Filè Sekirite	Pa Aplikab		Pa Aplikab		Pa Aplikab		Yo kapab konpanse nòt 45-54 pou nenpòt egzamen Regents ki obligatwa yo (eksepte ELA ak Matematik) avèk yon nòt 65 <sup>1</sup> oswa plis nan yon lòt egzamen Regents ki gen ELA ak Matematik ladan li.		Pa Aplikab	

### Diplòm Regents avèk Tit Avanse

Elèv ki ap chèche jwenn Diplòm Regents avèk Tit Avanse yo dwe:

- Ranpli kritè egzijans kredi ak evalyasyon pou yon diplòm Regents; oswa
- Reyisi **de (2) egzamen** Regents **anplis** oswa altènatif Depatman an apwouve **nan Matematik**; epi
- Reyisi **yon (1) egzamen** Regents **anplis** oswa altènatif Depatman an apwouve nan **syans**
  - elèv ki ap chèche jwenn tit avanse yo dwe reyisi omwen nan yon egzamen Regents oswa altènatif Depatman an apwouve nan toulede syans yo (**yon lavi epi yon fizik**); epi
- Komplete yon **sekans**:
  - genyen 2 inite kredi anplis nan Lang nan Lemonn nan epi reyisi yon egzamen Checkpoint B nan Lang Monn nan yo devlope lokalman, oswa
  - komplete yon sekans 5 inite nan Travay Atis, oswa
  - komplete yon sekans 5 inite nan CTE.

### Konbinezon Evalyasyon pou Tit Avanse

Konbinezon Tradisyonèl	ELA, Istwa ak Jewografi Mondyal, Istwa ak Gouvènman Etazini, 3 Matematik, 2 Syans (1 Biyoloji, 1 Syans fizik) = 8 evalyasyon
Konbinezyon Pakou (lòt ki pa STEM)	ELA, 1 Etid sosyal, 3 Matematik, 2 Syans (1 Biyoloji, 1 Syans fizik), 1 Pakou (lòt ki pa Syans oswa Matematik) = 7 (+ Pakou) oswa 8 evalyasyon.
Konbinezyon Pakou STEM (matematik)	ELA, 1 Etid sosyal, 4 Matematik <sup>‡</sup> , 2 Syans (1 Biyoloji, 1 Syans fizik) = 8 evalyasyon.
STEM (Syans) Konbinezon Pakou	ELA, 1 Etid sosyal, 3 Matematik, 3 Syans (omwen 1 Biyoloji, omwen 1 Syans fizik) = 8 evalyasyon.

\* Yon elèv ki gen yon andikap kapab fè apèl pou nòt ki ant 52 ak 54 nan maksimòm de (2) egzamen Regents nan nenpòt disiplin epi pou li gradye avèk yon diplòm lokal. Referans [Kondisyon Eta New York pou jwenn Diplòm/Atestasyon](#): Diplòm lokal pou Elèv ki gen Andikap yo.

^ Nan ka kote yon elèv ki gen yon andikap pa kapab fè yon nòt pou li reyisi nan nenpòt egzamen Regents, elèv la kapab elijib pou yon Detèminasyon Direktè a pou yon diplòm lokal. Referans [Apèl, Filè Sekirite ak Detèminasyon Direktè a](#).

† Moun ki ap Aprann Anglè ki ap chèche yon apèl pou yon nòt 55-59 nan Egzamen Regents ELA a ap elijib sèlman si yo te antre Ozetazini nan klas 9yèm ane oswa apre, epi yo te klase yo kòm Moun ki ap Aprann Anglè lè yo te fè tès la dezyèm fwa a. Referans [Kondisyon Eta New York pou jwenn Diplòm/Atestasyon](#): Diplòm lokal pou Moun ki ap Aprann Anglè.

‡ Yo kapab chwazi 4<sup>ym</sup> egzamen matematik la nan lis [Egzamen Altènatif Depatman an Apwouve yo](#).

§ Nan objektif pou detèmine tip diplòm pou yon elèv, yo dwe konsidere egzansyon ak Apèl Espesyal yo kòm nòt pou reyisi. Ni egzansyon yo ni [Apèl Espesyal](#) yo kapab aplike pou tout tip diplòm yo.